

L.C. Swain Middle School

L.C. Swain Middle School 2024-2025 Plan Angajman Paran/Fanmi

Deklarasyon Misyon Angajman Paran ak Fanmi

L.C. Swain Middle School ap fè efò pou bay paran ak fanmi yo jarèt pou sipòte devlopman entèlektyèl ak sosyo-emasyonèl pitit yo lè yo ranfòse patenarya nan kominote fanmi-lekòl la atravè kominikasyon efikas, resous pou sipò, fòmasyon, èd pou fè desizyon, ak ankouraje fanmi yo vin patisipan aktif pwosesis edikatif piti yo.

Objektif yo se pèmèt elèv yo gen siksè nan pwogram regilye a; atenn konpetans nivo klas yo epi amelyore siksè akademik yo.

Reyinyon Anyèl Tit I

Chak àne, fanmi yo jwenn envitasyon pou yo asiste reyinyon-sa-a nan kòmansman àne lekòl la pou yo aprann plis kòsènan Pwogram Tit I ak egzijans Tit I ki pou tout lekòl la. Fanmi yo kapab patisipe nan reyinyon an anpèsòn oswa sou entènèt nan jou kap 8 Oktòb 2024 an.

Anrejistreman reyinyon sa ap bay paran yo opòtinite pou yo revize dokiman Tit I yo e bay opinyon you sou bagay sa yo:

- Kontra Enfòmèl ant Paran ak Lekòl la
- Dwa Konnen Paran yo
- Plan Angajman Paran/Fanmi (PFEP)
- Bidjè Tit I

Fòmasyon Angajman Paran ak Fanmi

Baze sou fidbak siksè ane pase a, nou pral ofri aktivite sa yo pou ede fanmi yo ranfòse kapasite yo pou sipòte aprantisaj lakay yo epi pou sipòte siksè akademik pitit yo:

- Ann Konprann Teknoloji: Ki jan pou n kontwòle ak sipòte elèv ou yo nan yon mond vityèl
- Lekòl Segondè: Chwa a se Pa W!

Pataje Desizyon Yo

Fanmi yo ap envite nan anpil reyinyon pandan tout ane a pou you resevwa enfòmasyon akademik, rapò, ak bay opinyon yo sou fason lekòl la ye, fanmi yo ak elèv yo ka pataje responsabilite pou siksè elèv yo. Nou swete ou vini nan reyinyon SAC yo, konferans paran, reyinyon Tit I, ak fòmasyon paran yo.

Kominikasyon

Selon opinyon ou, nou pral bay dat ak lè reyinyon ki flesib pou akomode orè travay. Nou pral kominike yon fason ki kontinyèl e a lè lè n sèvi ak yon varyete metòd tankou: SIS Gateway, Lyen Paran; tablo afichaj lekòl la; sitwèb lekòl la, bilten nouvèl lekòl la, rezo sosyo, imèl, apèl de pwofesè yo, konseye lekòl yo, ak administrasyon lekòl yo; feyè elèv yo pot lakay oubyen poste sou rezo sosyon; atravè nòt ki nan ajanda elèv yo, kalandriye lekòl la ke yo mete ajou chak semèn, ak rapò akademik yo.

Si ou wè sanble kominikasyon yo pa rive lakay ou, tanpri fè nou konnen.

Aksè Pou Tout Fanmi

Nou ankouraje tout fanmi patisipe nan reyinyon ak evènman yo. Anplwaye lekòl la ap ofri sipò ki nesesè pou tout fanmi yo kapap patisipe epi angaje nan edikasyon pitit yo. Nou bay dokiman ki tradwui ak entèprèt (rapò akademik, feyè), espas reyinyon aksesib, ak plizyè jou e lè reyinyon. Tanpri fè lekòl la konnen si gen lòt aistans ki nesesè. Nou vle tout fanmi yo fè pati edikasyon pitit yo!

Plan nou

Plan sa te ekri an patenarya avèk fanmi yo, anplwaye yo, ak manm nan kominote lekòl nou an. Nou byen kontan jwenn sijesyon sou fason pou nou amelyore pratik angajman fanmi nou you. Nou ankouraje ou patisipe nan reyinyon anyèl Opinyon Kliyan yo nan prentan an ak ranpli evalyasyon fòmasyon yo, ak sondaj angajman paran ak fanmi nou voye lakay yo chak ane.